



DEMAND POU APLIKASYON YO
Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè –
Rekiperasyon Aprè Katastwòf pou Ouragan Irma
Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la



Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la
<http://www.floridajobs.org>

DELÈ APLIKASYON AN:
10 Janvye 2020
5:00 PM, Lè Nòmal Zòn Lès (EST)

NOTE BYEN: Opòtinite Sibvansyon sa pa yon demann konpetitif ki nan kad dispozisyon sou avi oswa kontestasyon yo ki nan Seksyon 120.57(3), Lwa Florid yo

SEKSYON A

APÈSI SOU PWOGRAM LAN

1. Apèsi

Biwo Rekiperasyon Aprè Katastwòf (ODR) Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (DEO) se administratè pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè–Rekiperasyon Aprè Katastwòf la (CDBG-DR) ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) ap finanse dapre Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo, pou reponn a rès bezwen rekiperasyon aprè katastwòf ki gen rapò ak dega Ouragan Irma ke yo poko satisfè yo. HUD ofri plis direktiv pou finansman sa a nan règleman 83 Fed. Reg. 28 (9 fevriye 2018) ak 83 Fed. Reg. 157 (14 out 2018). DEO ap reyalize pwogram lan epi atribiye finansman jan yo preskri nan *Plan Daksyon pou Rekiperasyon Aprè Katastwòf Eta Florid la (Plan Daksyon)*.

Yo te atribiye 20 milyon dola nan finansman sa a pou Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv la (WRTP). Demann pou Aplikasyon sa a (RFA) se pou mande aplikan elijib yo bay pwopozisyon yo genyen pou ofri pwojè fòmasyon mendèv k ap sipòte efò rekiperasyon apre pasaj Ouragan Irma a yo. Pwojè fòmasyon mendèv y ap finanse nan kad pwogram sa a gen ladan sila ki gen rapò ak metye konstriksyon yo, ki gen ladan men pa sèlman, twati (konstriksyon ak reparasyon tèt kay), mason, travay ebenis, koule beton, plonbri, HVAC (chofaj, vantilasyon, ak klimatizasyon), kouran, fonksyonman ekipman lou yo, enstalasyon kapèt, enstalasyon glas/fenèt, platraj, soudi, ak/oswa fòmasyon pèsonalize. Pwojè y ap finanse nan kad pwogram sa a dwe gen ladan yo tou sèvis preparasyon pou travay ak plasman pwofesyonèl.

1.1 Kantite Fon ki Disponib: Gen \$20 milyon nan finansman CDBG-DR ki disponib pou pwojè WRTP yo. Pa gen prim sibvansyon minimòm ni maksimòm.

1.2 Peryòd Prim lan: Tout pwojè WRTP yo dwe fini apati 30 jen 2023.

2. Egzijans Pwojè a yo

Aplikan yo dwe konplètman satisfè tout egzijans yo preskri nan Direktiv WRTP yo, Pati 2 Egzijans pou Aplikasyon Sou-Benefisyè yo, jan yo pibliye yo sou sit www.floridajobs.org/CDBG-DR la. Enfòmasyon ki anba la yo se jis yon rezime sèlman.

2.1 Pwojè WRTP yo dwe satisfè kritè ki annapre yo:

2.1.1 Òganize fòmasyon mendèv nan metye konstriksyon yo, ki gen ladan, men pa sèlman:

- a. Twati (konstriksyon ak reparasyon tèt kay);
- b. Mason;
- c. Travay ebenis;
- d. Koule beton;
- e. Plonbri;
- f. HVAC (chofaj, vantilasyon, klimatizasyon)
- g. Kouran;
- h. Fonksyonman ekipman lou yo;
- i. Enstalasyon kapèt;
- j. Enstalasyon glas/fenèt;
- k. Platraj;

- I. Soudi; ak/oswa
- m. Fòmasyon pèsonalize.

- 2.1.2 Mete ladan èd preparasyon pou travay ak plasman pwofesyonèl pou sipòte diplome fòmasyon an yo pou ede yo jwenn travay.
- 2.1.3 Sipòte egzijans global ki mande pou pwogram lan depanse 80% fon yo nan zòn HUD idantifye kòm zòn ki plis afekte ak plis an detrès yo (MID) pou Ouragan Irma: Konte Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie, ak Volusia; ak Kòd POSTAL 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, ak 34266. Yo ka depanse 20% fon yo nan zòn MID eta idantifye kòm zòn ki te resevwa de asistans sa yo: deklarasyon asistans endividyèl ansanm ak asistans piblik.
- 2.1.4 Sèvi omwen 51% moun ki gen revni fèb ak modere (LMI) yo, pou satisfè objektif nasyonal LMI an.
- 2.1.5 Satisfè egzijans HUD pou pwogram sèvis piblik yo, ki preskri ke sèvis piblik yo dwe swa yon nouvo sèvis oswa yon ogmantasyon kantifyab nan nivo sèvis ki la deja, ki plis pase sa yo te ofri pa mwayen fon eta ak fon lokal yo nan ane avan yo te soumèt *Plan Daksyon* an.

2.2 Aplikasyon Elajib yo: DEO ap chache aplikasyon **sèlman** nan men kalite antite ki dekri annapre yo:

- LWDB ke zòn sèvis yo kouvri yon pòsyon nan konte ak kòd postal MID HUD idantifye pou Ouragan Irma a yo. Sa gen ladan LWDB 8, 9, 11, 12, 13, 15, 16, 17, 20, 21, 22, 23, ak 24;
- Etablisman ansèyman ki sitiye nan konte ak kòd postal MID HUD idantifye pou Ouragan Irma a yo. Yo defini etablisman ansèyman tankou nenpòt lekòl, sant oswa enstitisyon piblik, oswa nenpòt lòt antite ki fè pati sistèm edikasyon Florid la anba banyè lekòl piblik soti nan kindègadenn rive nan 12yèm ane yo (K-12), etablisman ansèyman siperyè piblik yo, ak Lekòl Vityèl Florid la (Florida Virtual School); ak
- Sant teknik ki sitiye nan konte ak kòd postal MID HUD idantifye pou Ouragan Irma a yo. Yo defini sant teknik tankou yon lekòl piblik oswa yon sant teknik piblik ki fonksyone anba banyè yon lekòl prive ki resevwa finansman piblik (charter) ke yon komisyon eskolè distri oswa konsèy administrasyon enstitisyon Sistèm Inivèsite Florid la oswa yon konsòsyòm te akòde yo, ki gen ladan yon komisyon eskolè distri ak konsèy administrasyon enstitisyon Sistèm Inivèsite Florid oswa plis, ki gen ladan distri kote etablisman sitiye a, ki se yon enstitisyon layik dapre pwogram li ofri yo, politik admisyon l yo, pratik anplwa l yo, ak fonksyonman l yo, epi se yon konsèy administrasyon k ap jere l.

2.3 Itilizasyon Fon Sibvansyon yo: Tout depans yo dwe elajib dapre règleman CDBG-DR yo. Tout depans yo dwe satisfè egzijans règleman 24 CFR 570 ak 2 CFR 200 an.

2.3.1 Depans ki elajib pou WRTP a gen ladan yo, men pa sèlman:

- Fòmasyon;
- Sèvis preparasyon pou travay ak plasman pwofesyonèl;
- Materyèl ak ekipman ki gen rapò ak aktivite fòmasyon WRTP yo;

- Sèvis sipò;
- Sansibilizasyon patisipan; ak
- Jesyon ak administrasyon pwogram lan.

2.3.2 Y ap sèlman ka ranbouse benefisyè sibvansyon yo pou depans pwojè admisib yo te fè akòz obligasyon yo kontrakte pandan peryòd Akò a.

2.3.3 W ap jwenn plis detay sou depans ki elijib ak inelijib yo preskri nan Direktiv WRTP yo, Seksyon 2.8 Depans Elijib yo, jan yo pibliye sou sit www.floridajobs.org/CDBG-DR.

2.3.4 Yo ka bay lòt egzijans fiskal ankò nan lwa oswa règleman eta oswa federal yo, oswa direktiv HUD oswa DEO preskri yo.

2.4 Soumisyon Plizyè Aplikasyon: Yon Repondan ka yon benefisyè prensipal pou Sibvansyon pou plis pase yon Repons. Yon Repondan ka yon patnè soutyen pou yon pwopozisyon yon lòt antite ap fè.

3. Kantite Prim yo

DEO prevwa y ap akòde plizyè prim sibvansyon annakò ak demann sa a. DEO pral detèmine kantite prim sibvansyon y ap bay, selon jijman antye ak absolè DEO sèlman, baze sou disponiblite fon yo ak kalite aplikasyon yo soumèt yo. DEO rezève dwa pou yo ofri prim sibvansyon ki mwens pase kantite Repondan mande nan repons li an jan DEO jije ki nan meyè enterè Eta Florid ak DEO. Lefèt ke yo resevwa pwopozisyon an repons RFA sa a, sa pa vle di ni sa pa garanti ke nenpòt youn oswa tout pwopozisyon yo ap resevwa yon Sibvansyon.

SEKSYON B

ENSTRIKSYON ESPEYAL POU PREPARASYON AK SOUMISYON REPONS YO

- 1. Tit Demann lan** Pwogram Fòmasyon pou Rekiperasyon Mendèv Apre Ouragan Irma CDBG-DR a
- 2. Kalite Demann lan** Demann pou Aplikasyon
- 3. Biwo k ap Akòde (Sibvansyon an)**
 Department of Economic Opportunity
 Office of Disaster Recovery
 Attn: Elisa Weber
 Caldwell Building, 107 East Madison Street, MSC-160
 Tallahassee, Florida 32399
 (850) 717-8407
workforcerecovery@deo.myflorida.com
- 4. Kalandriye Evènman yo**
 Gen yon kalandriye anba la ki dekri aksyon enpòtan yo ak dat/lè yo dwe pran oswa konplete aksyon yo. Si DEO jije li nesèsè pou yo chanje nenpòt nan dat/lè sa yo, kidonk DEO pral mete chanjman sa yo nan adanda y ap pibliye apre chanjman yo. Lè yo refere nan tablo ki anba la se Lè Nòminal Zòn Lès (EST).

Tanpri sonje byen ke y ap mete nenpòt mizajou, adanda, ak klarifikasyon yo fè nan RFA sa a kòm yon adanda y ap poste sou sitwèb DEO a nan www.FloridaJobs.org/CDBG-DR. **Se responsablite Repondan pou l tcheke sitwèb DEO a nan www.FloridaJobs.org/CDBG-DR pou l siveye si gen nenpòt mizajou nan RFA a.**

	Kalandriye yo Estime pou Evènman yo	Dat ak Lè
1.	RFA Inisyal yo Poste pou Gade	14 Oktòb 2019
2.	Konferans Anliy Avan Repons yo Poste pou Gade	Pa pi ta pase 18 oktòb 2019
3.	Delè pou soumisyon Kesyon Teknik yo (y ap aksepte sèlman ransèyman pa imèl yo)	25 Oktòb 2019 5:00 PM EST
4.	Yo Prewwa Poste Kesyon ak Repons yo	28 Oktòb 2019
5.	Emisyon ak Piblikasyon RFA a	28 Oktòb 2019
6.	Delè Repons RFA yo	10 Janvyè 2020 5:00 PM EST
7.	Verifikasyon Konfòmite Minimòm yo Prewwa	17 Janvyè 2020
8.	Peryòd Evalyasyon yo Prewwa	24 Janvyè 2020
9.	Negosyasyon yo Prewwa, si sa aplikab	PA APLIKAB
10.	Yo Prewwa Poste Prim yo	30 Janvyè 2020

5. **Konferans Anliy Avan Repons yo**

DEO pral poste yon konferans anliy k ap bay yon apèsi sou WRTP ak egzijans aplikasyon yo nan dat yo presize nan Seksyon B.4., Kalandriye Evènman yo. Y ap poste konferans anliy lan sou sitwèb DEO a nan www.FloridaJobs.org/CDBG-DR. Yo vrèman ankouraje Repondan yo pou yo gade konferans anliy lan. Yo konseye Repondan yo pou yo revize dokiman demann yo ak lòt materyèl sipò ki nan RFA sa a avan yo gade konferans anliy lan.

6. **Kesyon yo**

Repondan yo dwe soumèt kesyon yo genyen konsènan RFA sa a alekri pa imèl bay: workforcerecovery@deo.myflorida.com apati dat ak lè yo presize nan Seksyon B.4., Kalandriye Evènman yo, epi yo dwe idantifye byen klè ki moun ki ekri chak imèl sa yo. Chak Repondan dwe egzamine ak anpil atansyon presizyon ki tabli nan demann sa a konsènan travay yo pral fè a avan yo soumèt yon kesyon nan DEO.

Y ap poste tout kesyon ak/oswa chanjman yo fè nan demann sa a sou sitwèb DEO a nan www.FloridaJobs.org/CDBG-DR. DEO p ap responsab ni yo pa legalman redevab pou nenpòt reta ak/oswa efè konsekan, ki asosye ak lefèt ke Repondan pa te rive jwenn enfòmasyon yo te mete disponib sou sitwèb DEO a nan www.FloridaJobs.org/CDBG-DR.

ENFÒMASYON ORAL OSWA NAN TELEFÒN

Enfòmasyon oral oswa nan telefòn pa dwe kreye okenn lyen responsablite pou DEO. Repondan yo pa dwe depann de enfòmasyon oral ak nan telefòn yo.

7. **Depans Preparasyon Repons Repondan an**

DEO p ap responsab pou okenn depans Repondan kontrakte nan pwosesis repons a RFA sa a, ki gen ladan, men pa sèlman, sila yo fè pou prezantasyon oral yo, si sa aplikab.

8. **Kominikasyon ak Pwopriyete Repons yo se pou Depatman an**

Yon repons yon Repondan bay se yon dosye piblik ki nan kad dispozisyon ki reji pwodiksyon, kominikasyon, enspeksyon, ak kopi yo nan Chapit 119 Lwa Florid yo ak Seksyon 24(a) Atik I

Konstitisyon Florid la. Repons yon Repondan, dèke l soumèt li, ak nenpòt Akò yo konkli apati repons sa dwe rete pwopriyete DEO eksepte konsènan pati yo afime dapre fòmalitye ki dekri nan Seksyon B.9., Devwa Repondan pou l Afime Egzansyon pou Kominikasyon kòm yon Dosye Piblik, pou l ka konfidansyèl oswa egzante konfòmman ak Chapit 119, Lwa Florid yo. DEO, selon jijman antye ak absolè DEO sèlman, dwe gen dwa pou l itilize, repwodui, ak pibliye tout Repons ak Akò yo.

9. Devwa Repondan pou l Afime Egzansyon pou Kominikasyon kòm yon Dosye Piblik

Repondan yo dwe soumèt kontni Repons yo afime ki gen egzansyon devan lalwa pou yo pa kominike yo kòm dosye piblik nan yon paj oswa plizyè paj apa ki separe de rès soumisyon Repons yo, epi yo dwe make byen klè chak pati sa yo afime ki gen egzansyon yo envoke yo kòm "egzonere", "konfidansyèl", oswa "sekrè komèsyal" (jan sa aplikab), epi yo dwe mete tou sou ki baz legal chak reklamasyon egzansyon sa yo ke yon reprezantan otorize òganizasyon Repondan an ki gen otorite legal pou l fè detèminasyon sa a onon Repondan an, te idantifye byen presi alekri sou chak grenn paj sa yo. Si yo pa separe ak idantifye kontni sa a nan fason yo dekri la, sa dwe konstitye yon abandon nenpòt reklamasyon egzansyon yo envoke jan sa aplike pou pòsyon soumisyon repons lan oswa lòt dokiman ki gen kontni sa a ladan. Anmenmtan, Repondan dwe bay DEO yon kopi repons yo a ki adapte epi apa ki titre byen klè "Kopi Adapte", ki gen ladan non, nimewo demann DEO a, ak non Repondan an. **Si Repondan an pa rive soumèt yon Kopi Adapte avèk repons li an, DEO gen otorite pou l pwodui tout dokiman (yo), done oswa dosye Repondan soumèt yo nèt lè y ap reponn a yon demann dosye piblik.**

10. Kalite Akò yo Anvizaje

Repondan yo dwe prevwa ke y ap peye tout Akò yo atribiyè sou kondisyon ki nan dokiman sa sou baz depans-ranbousman an. DEO rezève dwa, selon jijman antye ak absolè DEO sèlman, pou yo akòde yon lòt kalite Akò si lè yo fè sa, l ap plis nan avantaj DEO ak Eta Florid, dapre konsiderasyon pri ak lòt faktè yo.

11. Peryòd y ap Aksepte Repons yo

DEO prevwa egzekite Akò (yo) dèke l ap pratik apre DEO fin poste desizyon yo pran sou prim lan. DEO, selon jijman antye ak absolè DEO sèlman, ka rezilye yon prim DEO te akòde yon Repondan epi sispann antant ak Repondan (yo) si Repondan pa siyen akò yo pwopoze l la nan yon delè swasant (60) jou apre yo anonse yon prim.

12. Lwa yo ak Pèmi yo

Repondan yo dwe prevwa ke l ap obligatwa pou Repondan yo respekte tout lwa, règ, règleman ak kòd lokal, eta ak federal yo, nenpòt lè y ap fè yon travay nan kad Akò yo te konkli yo, epi Repondan yo dwe gen obligasyon pou yo jwenn ak menntni tout pèmi ak lisans pou tout dire Akò yo.

13. Soumisyon Repons yo

Repons yo dwe konfòm ak enstriksyon yo bay nan dokiman sa a yo. Repondan yo dwe soumèt Repons a RFA sa a pa mwayen elektwonik nan: workforcerecovery@deo.myflorida.com apati dat ak lè yo presize nan Seksyon B.4., Kalandriye Evènman yo.

YO KA PA KONSIDERE REPONS YO RESEVWA APRE LÈ EGZAT YO.

14. **Egzijans Soumisyon yo**

Repondan yo dwe soumèt yon (1) kopi elektwonik konplè Repons Aplikasyon Sibvansyon orijinal yo te siyen an, ki gen ladan tout pyès jwent ak dokiman obligatwa yo, rasanble nan yon sèl fichye, epi y ap voye l pa imèl jan yo preskri nan Seksyon B.13., Soumisyon Repons yo. Yo dwe make orijinal la kòm "Repons Orijinal Aplikasyon WRTP a."

Jan yo patikilyèman presize an plis detay nan Seksyon B.9., Devwa Repondan pou l Afime Egzansyon pou Kominikasyon kòm yon Dosye Piblik la, si Repondan konsidere nenpòt pòsyon nan repons Aplikasyon Sibvansyon li an ki dwe rete konfidansyèl, Repondan dwe soumèt **you** yon (1) kopi elektwonik **adapte** repons lan ki apwopriye pou yo pibliye pou piblik, yo dwe voye l pa imèl jan yo preskri nan Seksyon B.13., Soumisyon Repons yo. Kopi adapte a dwe make "Kopi Adapte" epi li dwe gen ladan yon lèt danvwa k ap otorize kominikasyon vèsyon adapte repons lan sizoka DEO ta resevwa yon demann dosye piblik.

15. **Enstriksyon pou Preparasyon Repons lan**

Repondan yo dwe prepare Repons yo avèk atik ki annapre yo, nan lòd yo dekri anba la:

- **Lèt Akonpayman Anvwa a**

Lèt Akonpayman Anvwa a dwe gen ladan enfòmasyon ki annapre yo:

- Tit Demann lan
- Non ak adrès Repondan (òganizasyon) an; ak
- Non, tit, adrès, nimewo telefòn, ak adrès imèl, ak siyati orijinal yon reprezantan yo otorize pou angaje Repondan an sou kontra, ansanm ak yon non ak kowòdone kontak altènatif pou Repondan an. Moun sa yo dwe gen otorite pou yo diskite repons Repondan an epi yo dwe disponib pou yo kontakte yo nan telefòn epi yo dwe patisipe nan rankont yo jan sa apwopriye.

Sizoka Repondan ta soumèt yon Repons kòm yon pwojè konjwen, chak manm pwojè konjwen an dwe ekri ak siyen yon Lèt Akonpayman Anvwa a apa.

- **Tab Dèmatyè**

Tab Dèmatyè a dwe gen ladan tit seksyon yo ak nimewo paj kote yo ye pou tout dokiman ki nan repons lan.

- **Fòmilè Enfòmasyon sou Aplikan an - Pyès Jwent A**

- **Fòmilè pou Bay Detay sou Pwopozisyon an – Pyès Jwent B**

- **Fòmilè Pwopozisyon Bidjè a – Pyès Jwent C**

- **Dokiman Obligatwa yo**

Chak Repondan dwe mete dokiman obligatwa yo enpoze ki annapre yo pou yo Evalye kòm Pyès Jwent nan Aplikasyon an pa mwayen referans tit Pyès Jwent ki anba la. Yo dwe limite pyès jwent ak anèks adisyonèl aplikasyon an yo nan yon kantite minimòm.

a. Kapasite Sètifikasyon

Sètifikasyon nan men Direktè Egzekitif, Direktè Egzekitif Jeneral, oswa lòt anplwaye kad siperyè oswa reprezantan ki sètifye ke Aplikan te, nan yon delè senkan imedyatman avan aplikasyon an, resevwa ak administre avèk siskè finansman federal HUD, Depatman Travay, Depatman Edikasyon, ak lòt ajans federal te akòde yo san pa gen konklizyon ke ajans federal sa oswa Biwo Enspektè Jeneral ajans sa a pa te rive rezoud.

b. Konpetans ak Eksperyans Anplwaye yo

Fè yon lis lidèchip, anplwaye, ak resous pou sipòte aktivite WRTP yo pwopoze yo ak dokiman ki pwouve ke lidèchip, anplwaye, ak resous yo idantifye yo demontre yo gen konpetans ak eksperyans nesèsè pou reyalize aktivite yo pwopoze ki gen rapò ak pwogram fòmasyon mendèv yo. Yo ka bay yon dyagram òganizasyonèl pou sipòte pòsyon sa a nan aplikasyon an.

c. Plasman Diplome yo

Sètifikasyon nan men Direktè Egzekitif, Direktè Egzekitif Jeneral, oswa lòt anplwaye kad siperyè oswa reprezantan ki sètifye ke Aplikan te, nan yon delè senkan imedyatman avan aplikasyon an, tabli yon to plasman diplome ki estatistikman siyifikatif.

- **Pyès Jwent yo**

Repons pwopozisyon a RFA sa a dwe gen ladan dokiman ak sètifikasyon ki annapre yo, si sa aplikab:

- Sètifikasyon CMBE. Mete yon kopi Sètifikasyon CMBE w la, si w sètifye ak DMS.

16. Responsablite Repondan

Avèk dokiman sa Repondan an dakò ke se li menm sèl ki responsab pou l jwenn tout materyèl yo epi detèmine ki pi bon metòd li pral itilize pou l satisfè entansyon egzijans demann sa a yo.

17. Definisyon yo

- Akò: se yon akò alekri ki fèt ant DEO ak Sou-Benefisyè a, ki gen ladan tout dokiman, pyès a konviksyon ak pyès jwent ki presize sèvis Sou-Benefisyè a pral rann oswa ofri yo, to faktirasyon pou sèvis sa yo ak fason yo dwe ranbouse Sou-Benefisyè a pou sèvis sa yo, epi ni Sou-Benefisyè ni DEO, toude dwe egzekite akò sa a.
- DEO: Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la.
- Repondan: Moun oswa antite k ap soumèt yon repons pou reponn a RFA sa a.
- Repons: Yon òf yo prezante devan DEO an repons a RFA sa a.
- Repondan Responsab: Yon Repondan ki gen kapasite nan tout aspè pou yo konplètman respekte egzijans Akò a yo epi ki gen entegrite ak fyabilite k ap garanti yo travay an bòn fwa.
- Repons Atantif: Yon repons yon vandè atantif ak responsab soumèt ki konfòm ak tout materyèl yo nan tout aspè enpòtan demann lan.

- Repondan Atantif: Yon Repondan ki te soumèt yon òf, yon pwopozisyon, oswa yon repons ki konfòm ak tout materyèl yo nan tout aspè enpòtan demann lan.
- Sou-Benefisyè: Moun oswa antite ki konkli yon Akò ak DEO pou yo ofri sèvis WRTP yo.

18. Estrik nan Aplikasyon (Règ yo)

DEO rezève dwa pou yo fè respekte konfòmite estrik a nenpòt egzijans demann sa a.

SEKSYON C EVALYASYON AK PRIM YO

1. Pwosesis RFA a

Pwosesis RFA a gen ladan kat faz siksesiv: 1) Preparasyon Repons lan; 2) Verifikasyon Konfòmite Minimòm lan 3) Evalyasyon; ak 4) Prim lan, jan y ap plis dekri anba la.

1.1. Nan Faz Preparasyon Repons lan, Repondan yo pral prepare ak soumèt yon repons bay DEO baze sou egzijans yo dekri nan Seksyon B.15., Enstriksyon pou Preparasyon Repons lan, Direktiv WRTP yo ak nenpòt Adanda yo ajoute nan RFA a.

Nan Faz Verifikasyon Konfòmite Minimòm lan, yon ekip evalyasyon pral revize repons yo dapre Kritè Konfòmite Minimòm yo te pibliye nan Direktiv WRTP yo, Seksyon 2.6 Detèminasyon Prim lan, jan yo pibliye l sou sit www.floridajobs.org/CDBG-DR.

Nan Faz Evalyasyon an, yon ekip evalyasyon pral evalye epi bay repons yo nòt dapre Kritè Notasyon Pwogram lan (Program Scoring Criteria) yo te pibliye nan Direktiv WRTP yo, Seksyon 2.6 Detèminasyon Prim lan, jan yo pibliye sou sit www.floridajobs.org/CDBG-DR.

Nan Faz Prim lan, yo pral klase repons yo apati de nòt yo ak finansman yo atribiye sou baz klasman an.

2. Kritè Evalyasyon yo

2.1. Jeneral

- a. DEO rezève dwa pou yo aksepte oswa refize nenpòt oswa tout repons yo resevwa epi yo rezève dwa pou yo akòde yon prim san yo pa diskite ni fè plis evalyasyon repons yo te soumèt la;
- b. Yon pwopozisyon ki pa atantif dwe gen ladan, men pa sèlman, sila ki:
 - Pa rive konfòm a nenpòt egzijans legal oswa reglemantè;
 - Pa konfòm sou plan materyèl ak egzijans ak enstriksyon yo ki gen nan dokiman sa a;
 - Pa rive itilize oswa ranpli fòmilè yo preskri yo; oswa
 - Moun ki pa apwopriye siyen oswa yo pa met dat.

- c. Nan pwosesis pou detèmine si yon Repondan responsab, DEO ka konsidere nenpòt enfòmasyon oswa prèv yo ka vin remake epi ki reflekte sou kapasite yon Repondan pou l konplètman egzekite nenpòt egzijans Akò yo te konkli a ak/oswa demonstrasyon nivo entegrite ak fyabilite Repondan an ke DEO detèmine k ap obligatwa pou garanti yo ka egzekite nenpòt Akò yo te konkli. DEO ka jije Repondan pa responsab.

2.2. Kritè Evalyasyon yo

Pou kritè evalyasyon yo okonplè, ki gen ladan, Kritè Konfòmite Minimòm lan ak Kritè Notasyon Pwogram lan yo, konsilte Direktiv WRTP yo, Seksyon 2.6 Detèminasyon Prim lan, jan yo pibliye l sou sit www.floridajobs.org/CDBG-DR.

2.3. Komite Evalyasyon an

Komite Evalyasyon an pral evalye repons Aplikasyon an yo epi atribiye pwèn baze sou kritè yo dekri nan Direktiv WRTP yo, Seksyon 2.6 Detèminasyon Prim lan, pou asire yo note repons Aplikasyon an yo nan yon fason inifòm. Chak manm Komite Evalyasyon an pral prepare evalyasyon inisyèl repons Aplikasyon an yo nan fason endepandan.

Y ap klase Repondan yo nimerikman (1,2,3 elatriye) soti nan lòd pi gran rive nan pi piti baze sou nòt mwayèn global repons Aplikasyon an. DEO pral fè vizit sit yo epi yo rezève opòtinite pou yo fè entèvyou ak aplikan yo epi mande yo enfòmasyon swivi pou yo eklèsi done yo. DEO pral avize Repondan yo alekri si DEO prevwa fè vizit sit yo ak/oswa diskisyon oral avan yo fè detèminasyon final nenpòt prim potansyèl ak kèk Repondan yo chwazi yo.

Nan meyè enterè Eta, DEO rezève dwa pou yo refize nenpòt ak tout repons yo oswa egzante nenpòt iregilarite oswa teknikalite minè nan repons yo resvwa yo.

3. Prim

Aprè yon fini ak pwosesis negosyasyon yo, si sa aplikab, Ekip Evalyasyon an pral rive jwenn yon antant sou Repondan yo kwè ki ofri meyè valè pou Eta a epi rekòmande atribisyon prim (yo) an konsekans. Aprè yo fin konsidere rekòmandasyon an, Direktè Egzekitif DEO a, oswa yon deziyen li otorize kòm sadwa, dwe pran desizyon atribisyon prim lan. DEO rezève dwa pou yo atribiye nenpòt oswa tout pati demann lan bay yon sèl oswa plizyè Repondan.

DEO pral enfòmè benefisyè WRTP yo alekri.

YO ENTANSYONÈLMAN KITE RÈS PAJ LA BLANCH.